Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 38 (7282)
15 сентябрь 2017 сон
Рузман
sadovoduns@yandex.ru
Багьа 7 гъурущ

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## Поздравление



**Уважаемые жители Унцукульского района!**

От имени администрации муниципального района «Унцукульский район», от депутатов районного Собрания и от себя лично примите самые искренние поздравления с Днем единства народов Дагестана!

Этот праздник занимает особое место в ряду государственных праздников нашей республики. Праздник символизирующий дорогие для каждого из нас ценности единения и братской дружбы, межнационального мира и любви к Родине, свободного духовного развития.

День единства народов Дагестана - не только дань истории, это возможность сказать сегодня о том, что мы сильны, когда мы вместе.

Он также является символом многовековой совместной истории наших народов, которые ценой жизней многих поколений сумели сохранить своё уникальное единство, богатство языков, традиций и культур.

История Дагестана богата примерами, когда именно единение народов способствовало сохранению его независимости и процветанию. Дружба, взаимовыручка и взаимопонимание всегда были и будут для нас ориентиром и смыслом повседневной жизни. Сегодня, как и в далеком прошлом, готовность сообща решать все задачи, стоящие перед страной, гражданская солидарность и взаимопомощь необходимы нам для благополучной жизни и достойного будущего.

Уверен, что взаимопонимание и сплоченность всех жителей нашего района послужат дальнейшему развитию нашего края, Республики Дагестан и России в целом.

Желаю вам мира, счастья, благополучия, успехов в труде и мирного неба!

**С уважением Глава администрации МО «Унцукульский район» Иса Магомедович Нурмагомедов.**

Редакторалъул колонка

## Халкъ кквезе ккола власталъ

Аллагьасул Къуръаналда ва хIадисазда бихьизабун буго ракьул гьумералда гIадамал квешлъиялъ къиямасеб къо чIей гIагарлъулин ва ахирзамана щун бугищали лъазе ракIалдаго гьечIого лъугьунел балагьаз, лъугьа-бахъиназ бицунин. Къо бахъанагIан гьел рихьизариял якъинлъулел руго нилъее. Ахириял соназда киса-кибего цояздаса-цоял хIалуцарал лъугьа-бахъинал кколел рукIиналъ ва ахIвал-хIал гIодобцунебго гьечIолъиялъ лъикIалде рачунгутIи щивасе якъинал мисалаллъун кколел руго. Гьелъие чIванкъотIараб мисаллъун бачине бегьула Мьянма республикаялда кIиго диниял ва этническиял къавмазда гьоркьор кколел ругел тунка-хIусиял ва бiял гIодоре тIурал гIассиял ишалги. Киса-кирго унел руго рагIи дандеккунгутIаби, рагъал. ГIадатиял бакIазда ханлъи гьабулеб буго тIекълъи-мекълъиялъ, гIадамал гIодорегIан гьариялъ. Законалъул чучлъиялъ квер кьурал тIадчагIаз гIицIго жидергоязе, жидерго рахъ кколезе гурони лъикIлъи гьабулеб гьечIо. Гьединабго ахIвал-хIалалъ тIалъи босулеб буго диниял идарабаздацин. Гьенибги цин кумек гьабулаго кодохъ росулел руго жидерго гIагарлъи, гьудуллъи, хадур рачIарал. Гьедин пачалихъиял идарабаздасан пайда босулеб буго тIадчагIазгун хадур ругез, диниял бакIаздасан дибирасул агьлу-къоноялъ. Гьенибги халкъалъ бачIараб садакъа бикьулеб буго гIицIго жидедаго гьоркьоб, цIехолел гьечIо хIалтIиги гьечIого, гIисинал лъимал-рукъгун ракъун, къечон ругел. Гьелъ кумекалъулаб квер щоларев хъизан хьихьизе магIишаталда хадув ине кколев вуго «рохьовеги» рикIкIадал шагьараздеги.

**(Ахир 4 гьумералда)**

## ТIобитIана иргадулаб совещание



Дагьал церегIан къоязда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь тIобитIана иргадулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, экономикаялъул, инвестициялъул ва предпринимательствалъул отделалъул нач. М. ГIадуев, гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов, мобилизационнияб хIалтIулгун проектнияб офисалъул нухмалъулев П. МалламухIамадов ва цогидалги.

Хал гьариялде росун рукIана приоритетниял проектал гIумроялде рахъинари ва гьезулгун хIалтIи гьаби, налогал ракIари ва гьел гурелги цогидал суалал.

Приоритетниял проектал церетIезариялъул суалазул бицунаго районалъул бетIерас тIадчIей гьабуна гьел проектал тIуразари чара гьечIеблъун букIиналда. Гьес гьенибго рихьизаруна гIоларел рахъал ва ругел лъикIал хIасилалги. Гьединго бетIерас тIадкъай кьуна 11 сентябралда тIобитIизе бугеб совещаниялде, проектал гIумроялде рахъинариялъе гьаризе ругел хIалтIабазул чIванкъотIарал предложениял хIадуризе.

«Дагьаб хIалтIи гуро нилъеца гьелда хурхун гьабураб, гьелъ нилъее лъикIал хIасилалги кьуна. Амма дагьаб гьечIо гьабизесеб хIалтIиги. Командаялъул цоцалъ гъункиялъ ва цоцада ричIчIун хIалтIиялъ нилъее рес кьуна лъик1ал хIасилал рукIинаризе. Гьединлъидал нужедехун, дирго командаялдехун хитIаб гьабулеб ва тIадчIей гьабулеб буго гьел проектал гIумроялде рахъинаризе ккола лъалхъи гьечIеб режималда, гьелъ лъикIал хIасилазухъ нилъ гIемер мехалъ ралагьун чIезе ккезе гьечIо»,-ян абуна бетIерас.

Данделъаразда налогал ракIариялъул бугеб хIалалъул бицана экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуевас. -Хас гьабун налогал ракIари квеш гьечIо, руго цо-цо росаби жиндир заманалда гьел ракIаруларел. Районалъул бетIерас гьесие тIадкъай кьуна гьеб суал кьварараб бербалагьиялде босизе ва гIагараб заманалда ругел гIунгутIаби лъугIизаризе.

## КIвар кьезе кколел суалал



Налогал ракIари, ракьазул актуализация гьаби, неформалияб занятость, районалда санитарияб ахIвал-хIал, приоритетниял проектал гIумроялде рахъинари ва гIемерал цогидалги суалал гьоркьор лъураб иргадулаб аппаратаалъулаб совещание тIобитIана 11 сентябралда райадминистрациялда.

Совещание ана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь. Гьединго гьенир гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместителасул ишал тIуралев М. ХIамзатов, бетIерасул кумекчагIи Р. ХIайбулаева, М. ХIажиев, районалъул депутатазул Советалъул пред. К. Асадулаев, экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуев, администрациялъул аппараталъул нухмалъулей П. ГIалиева, районалъул администрациялъул юрист У. Бартыханова, культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаев, мобилизизационнияб хIалтIул рахъалъ кIудияв специалист, проектнияб офисалъул нухмалъулев П. МалламухIамадов ва цогидалги.

Совещание рагьулаго ГI. НурмухIамадовас тIадчIей гьабуна хехаб куцалда тIуразаризе кколел цо-цо суалазда. «Дагьаб заман хутIана гьаб сон лъугIизе, амма гьаричIого хутIарал хIалтIаби жеги руго. Гьарула хасаб кIваркьеялде росе налогал ракIариялъул ва ракьазул актуализация гьабиялъул суалал. ЛъикIаб хIалтIи гьабун буго неформалияб занятосталда хурхун. Гьединго гьарула цIикIкIараб кIвар кье районалъул санитарияб ахIвал-хIалалде, гьеб гьабсагIаталда лъикIаб хIалалда буго, гьедин гьеб цIунизе ккела хадубккунги»,-ян абуна жиндирго кIалъаялда муниципалитеталъул бетIерас.

Налогал ракIариялда бугеб хIалалъул бицунаго экономикияб отделалъул нач. М. ГIадуевас бихьизабуна: I сентябралде ругел баяназда рекъон налогал ракIариялъул иш квеш гьечIо, тIадчIей гьабуна гьеб ишалда хурхун гьарулел хIалтIаби гьоркьоса къотIун гьечIолъиялда ва бихьизабуна лъагIалил ахиралде хIасилал лъикIал рукIинилан.

Приоритетниял проектазда хурхун докладгун цеве вахъана мобилизационнияб хIалтIул кIудияв специалист, проектниябгун офисалъул нухмалъулев П. МалламухIамадов. Гьеб суалалда хурхун гIемерал лъикIал предложениял рачIанин ва гьел гIумроялде рахъинариялъе хIалтIаби гьарулел ругилан бицана гьес.

Совещаниялда гьединго борхана суал Шамильхъалаялъул школалъул ва № 9 ясли-ахалъул минаби ракь багъариялде данде чIоледухъ щулалъизариялъул рахъалъги.

Данделъиялда тIадкъаял кьуна иш тIаде кколел гIадамазе.

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 38 (7182)*
*15 сентябрь 2017 сон*



Жакъасеб терроризмалъ хIинкъи кьолеб буго цо миллаталъе гуреб тIубараб дунялалъего. Гьелъ цебе тIезе толеб гьечIо халкъазда гьоркьоб рекъел, цоцада ричIчIи. КIудияб зарал гьабулеб буго экономикаялъе, политикаялъе. Террористазул аслияб мурад буго вахIшилъиялдалъун, хIинкъизариялдалъун жидерго мурадалде щвей. Аслияб куцалда террористазул къурбаналлъун ккола руго щибниги гIайиб гьечIел, ракълилал гIадамал. Гьелъ нилъ киналго цадахъ рекъон къеркьезе ккола терроризмалде данде.



*Террор ва дандечIей*

# ГIодоре риччан чIезе бегьуларо



11 сентябралда Шамилъхъалаялда тIобитIана цоцалъ гъункиялъул ва терроризмалде данде чIеялъул Кьоялда хурхараб мероприятие. Данделъиялде рачIун рукIана районалъул киналго школаздаса цIалдохъаби. Гьеб унеб букIана «РакIалде щола ва пашманлъула!» абураб ахIиялда гьоркь.



Терроризмалъул хIасилалда ккарал къурбанал ракIалде щвезаризе рачIун рукIана муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов, бетIерасул замал С. АрулмухIамадов, районалъул депутатазул Собраниялъул пред. К. Асадулаев, лъай кьеялъул отделалъул нач. Л. МухIамадгIалиев, гIолилазулгун хIалтIи гьабиялъул, спорталъул ва туризмалъул отделалъул нач. А. МухIастанов, Россиялъул Унсоколо районалда бугеб ОМВДялъул нач. М. МухIамадов, Балахьуни росулъ бугеб ОГалъул нач. Д. Кириллов, росабазул бутIрул, школазул директорал, учительзаби, ясли-ахазул хIалтIухъаби ва гIемерал цогидалги.

Данделъи рагьана культураялъул отделалъул нач. ГI. ГIабдулаевас ва тадбир байбихьана документалияб киноялдасан. Киноялда бихьизабулеб букIана терроралъул хIасилалда кколел ракI гъанцIизабулел ишазул, бицунеб букIана щивниги кинаб букIаниги провокациялъе мутIигIлъизе бегьунгутIиялъул, гьелъул ккезе ругел вахIшиял хIасилазул.

Киноялъухъ балагьун хадуб, залалде ракIарараздa цеве кIалъазе вахъана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов. Жиндирго кIалъаялда гьес абуна: «2004 соналъул 3 сентябрь – гьеб къоялъ нилъ киналго ахIула террористлъиялъул актазул хIасилалда нилъер улкаялда ккарал ракI гъанцIарал ишал ракIалде щвезаризе, гьелъие битIараб къимат кьезе. Квешлъиялде данде рагъ гьаби гьеб ккола нилъер щивасда тIадаб иш. Щайгурелъул гьелда бараб бугелъул нилъер букIинесеб, нилъер лъималазул талихIаб гIумро. Жакъа нилъеца ракIалде щвезарулел руго террористазул квердаса хварал киналго гIадамал, ракIалде щвезарулел руго терроризмалде данде рагъулаго жидерго тIадаб борч тIубазабулаго бахIарчилъиялда хваралги. Обществалда гIодобе биччараб ахIвал-хIал, нилъер рахIат цIунулаго щибаб къоялъ холел руго ВатIан цIунулел. Бокьун буго гьезие хасаб баркала кьезе, гьезул хIалхьи лъалареб ва хIинкъи цIикIкIараб хIалтIухъ. Цойги нухалда пикру буссинабизе бокьун буго нилъер щивасул цIодорлъиялде, нилъер жакъасеб ва букIинесеб рахIатаб ва ракълилаб букIиналъе гIоло. Нилъеца кинабго гьабизе ккола террористазул вахIшиял пикраби гIодор чIвазариялъе, гьезие кинаб букIаниги рес кьезе бегьуларо жидерго вахIшиял ишал гIумроялда рахьинаризе. Нилъер аслияб ярагъ ккола цIодорлъи, цоцалъ гъунки, сверухъ кколеб бугелдехун ургъел гьечIеб бербалагьи биччангутIи. Гьарула киназего рекъел, цоцада ричIчIи, хIалимлъи». Гьесул рагIабазда хадуб букIана руцIун чIеялъул минута.

Гьединго залалде ракIарараздa цеве кIалъазе вахъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель К. Асадулаев, Балахьуни росулъ бугеб ОГалъул начальник Д. Кириллов ва цогидалги.

Хадуб букIана цоцалъ гъункиялъул ва терроризмалде данде чIеялъул Кьоялда хурхараб районалъул школазул цIалдохъабазул художественниял цереpахъинал. Программаялда рукIана кучIдул цIали, гьел ахIи, сценкаби ва цогидабги. ГIашилтIа росдал гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз лъураб сценкаялда букIана Россиялъул Дагъистан республикаялда бугеб ФСВНГялъул лейтенант, РФялъул БахIарчи МухIамад Нурбагандов ракIалде щвезави. Гьев террористазул квердаса хвана 20I6 соналда.



Данделъи байбихьилалде районалъул бетIерас, районалъул администрация лъул ва ихтияр цIунулел органазул хIалтIухъабазгун цадахъ тIугьдул лъуна терроризмалде данде чIеялда хварал полициялъул хIалтIухъабазул хIурматалда бараб мемориалияб комплексалда цебе. Гьеб буго Унсоколо районалъул ОМВДялъул минаялда цебе.

**Данделъи:** МЧСалъулал-районалда

# РачIине рес бугел балагьал гьукъиялъе

I2 сентябралда нилъер районалда хIалтIулаб сапаралъ вукIана Россиялъул МЧСалъул ГУялъул РДялда вугев начальникасул зам. Ш. ГIалиев. Гьевгун ца дахъ рукIана РДялъул ГКЧялъул «Центр ГС и ЧСалъул» нухмалъулев Т. Батырбиев, ГИС-Дагъистаналъул геологиялъул гIелмияб институталъул централъул член, ведомствабазда гьоркьосеб сейсмологиялъул ва сеймсмостойкомалъул бакIал раялъул советалъул член С. Маммаев, ГЭСалъул хIорил топливниябгун энергетическияб комплексалъул отделалъул нач. Гъ. ГIабдулвагьабов, муниципалитеталъул бетIер ГI. НурмухIамадов, зарал ккарал росабазул бутIрул, районалъул ГО, ЧС ва ПБялъул отделалъул нач. М. ГIабдулаев, архитектураялъулгун бакIал раялъул хьулухъалъул бетIерав специалист Х1. ГIабдурахIманов ва цогидалги.

Сапаралъул программаялда рукIана ахирияб заманалда тIабигIиял кьварилъаби ккарабл Унсоколо, Рихьуни росабазул цIех-рехал гьари ва цогидал росабазулги гIумро гьабиялъе ругел ресал тIатинари, балагьал ишал ккунгутIиялъе тадбирал гьари.

Данделъи рагьулаго ГI. НурмухIамадовас баркала загьир гьабуна районалда бугеб ресмекълъиялде кIвар буссинабуралъухъ гьалбадерие. «Дун вохарав вуго нижер захIмалъабазде гьедин кIвар кьолеб бук1иналдаса. Вохарав вуго профессионалиябгун компетентнияб балагьи гьеб суалалдехун гьабулеб букIиналдалъул. Рази вуго нилъер балагь кIвар кьечIого хутIунгутIиялдаса, гьел лъугIизариялъе гьарулел тадбираздаса».

Ш. ГIалиевас бихьизабуна РДялъул минстройгеологиялъул институталъгун, МЧСалъул ва районалъул цадахъаб модель гьабизе кколин бугеб хIал лъугIизабиялъе. Гьединго комиссиялъ хIалтIи гьабулеб бугинги бихьизабуна гьес.

**(Ахир 4 гьумералда)**

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№37 (7181)*

3 гьумер

**С а д о в о д**

Страница в номере



# Обращение ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания» к потребителям электроэнергии



Уважаемый потребитель!

ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания» является единственным гарантирующим поставщиком электроэнергии в регионе - осуществляет покупку и сбыт электрической энергии потребителям в необходимых для них объемах. В своей работе мы большое значение уделяем работе с потребителями.

Основными задачами являются, в первую очередь, обеспечение бесперебойного и надежного энергоснабжения потребителей, обеспечение полной оплаты текущего потребления электроэнергии, снижение накопленной за предыдущие периоды дебиторской задолженности для обеспечения 100% оплаты поставщикам электроэнергии на оптовом рынке.

Нельзя не отметить, что наша работа дает результат. Наблюдается положительная динамика в расчетах по конечным потребителям: оплата за первое полугодие 2017 г. - 2 млрд 982,5 млн руб. (на 186 млн руб. выше, чем за 6 месяцев 2016 г.). Уровень оплаты предприятий ЖКХ республики составил 34%, предприятий, финансируемых из федерального бюджета - 76%, республиканского бюджета - 93%, местного бюджета - 100%.

Оплата населения за первое полугодие составила 1 млрд 340,9 млн руб., что на 122,6 млн руб. больше, чем за аналогичный период прошлого года.

Тем не менее, есть ряд проблем, которые требуют своего решения. Так, например, значительные объемы просроченной дебиторской задолженности потребителей за потребленные энергоресурсы - одна из наиболее серьезных проблем, стоящих сегодня перед Республикой Дагестан, и в частности, перед нами. Частично это проблема связана с менталитетом наших граждан и нежеланием оплачивать за электроэнергию, но есть и такие факторы как низкая заработная плата, правовая неграмотность, отсутствие финансирования (в случае с предприятиями, финансируемыми из местного, регионального, федерального бюджетов).

Наша компания регулярно информирует население республики о необходимости вовремя платить за потребленный ресурс, используя все имеющиеся способы оплаты. Наша задача - донести до каждого потребителя информацию о том, что неполная и несвоевременная оплата за энергоресурс в конечном итоге нанесет вред не только самому потребителю (образовав задолженность), но и всему электросетевому хозяйству Республики Дагестан.

Важно помнить, что оплачивая деньги за электричество, вы способствуете ремонту электрических сетей, от функционирования которых зависит, будет ли свет у вас дома. Мы все - дагестанцы, братский народ, и должны думать друг о друге, о благоустройстве каждого из нас. Свет - одно из благ, без которого сегодня не может жить ни один человек.

ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания» призывает потребителей Республики Дагестан вовремя оплачивать за потреблённую электроэнергию, а также погасить имеющие долги в кратчайшее время.

Наша компания гарантирует прозрачность платежей и готова ответить на все возникающие у потребителя вопросы. Кроме того, по всем проблемным вопросам можно также проконсультироваться по телефону горячей линии МРСК Северного Кавказа 8 800 775-91-12.

Для вашего удобства напоминаем, что центральный пункт обслуживания потребителей находится по адресу г. Махачкала, ул. Радищева, 4. Оплатить за электроэнергию вы можете в любом отделении «Почты России», банкоматах и терминалах «Сбербанка», собственных кассах ПАО «ДЭСК», а также через услугу «Личный кабинет» на нашем официальном сайте - dag-esk.ru.

Помимо этого, вы можете оплатить через кассы ООО «РПРЦ-Центр» (региональный платежно-расчетный центр), ООО «Юрэнергоконсалт», ГАУ РД «МФЦ», ООО «МПЦ» (межрегиональный платежный центр), а также терминалы ООО «Интегра-софт».

Кроме того, для удобства клиентов–потребителей электроэнергии запущено и стало доступным мобильное приложение, в котором абоненты могут ознакомиться с полной историей изменений, вносимых в лицевой счёт: потреблением электроэнергии на основании показаний прибора учета и произведённым платежам.

Уважаемый потребитель! Мы живём во времена полной электрификации. Жизнь современного человека зависит от постоянного электроснабжения. Даже кратковременное отключение электроэнергии вызывает сильное неудобство. Давайте не будем забывать об этом.

**С наилучшими пожеланиями, управляющий директор ПАО «Дагестанская энергосбытовая компания» Магди Гитинов.**

# ПЕРЕРАСЧЕТ СТРАХОВОЙ ПЕНСИИ С УЧЕТОМ НЕСТРАХОВЫХ ПЕРИОДОВ

Если Вы являетесь пенсионером с преимущественно «советским» стажем, у вас есть право обратиться в Пенсионный фонд с заявлением на перерасчет страховой пенсии с учетом имеющихся у Вас так называемых «нестраховых» периодов.

2015 года эти периоды при назначении пенсии в соответствии с законодательством учитывались иначе – через оценку пенсионных прав или исходя из стоимости страхового года) либо при совпадении их с работой – как страховые периоды.

Сейчас в ряде случаев нестраховые периоды, например по уходу за детьми, дают таким пенсионерам больше пенсионных баллов, чем их учет в качестве периодов работы.

**К НЕСТРАХОВЫМ ПЕРИОДАМ, ЗА КОТОРЫЕ ПРЕДУСМОТРЕНО НАЧИСЛЕНИЕ ПЕНСИОННЫХ БАЛЛОВ, ОТНОСЯТСЯ, В ТОМ ЧИСЛЕ:**

*уход одного из родителей за каждым ребенком до достижения им возраста полутора лет, но не более 6 лет в общей сложности;

*прохождение военной службы по призыву;

*уход, осуществля-емый трудоспособным лицом за инвалидом I группы, ребенком-инвалидом или за лицом, достигшим возраста 80 лет и т.д.

**Полный перечень нестраховых периодов смотрите на сайте www.pfrf.ru**

*Если в результате перерасчета пенсии в соответствии с имеющимися нестраховыми периодами ее размер уменьшается, перерасчет не производится.*

Внимание! Если Вам назначена пенсия позже 2015 года, в ее перерасчете нет необходимости!

**КУДА ОБРАТИТЬСЯ**

*В территориальный орган ПФР, осуществляющий выплату Вашей пенсии (заявление может быть по- дано по почте).

*В МФЦ, с которым территориальным органом ПФР заключено соглашение о взаимодействии.

*К работодателю, с которым гражданин состоит в трудовых отношениях.

**КАКИЕ ДОКУМЕНТЫ ПРЕДОСТАВИТЬ**

*заявление;

*документ, удостоверяющий личность;

*документы, подтверждающие нестраховые периоды, засчитываемые в страховой стаж, если они от сутствуют в выплатном деле получателя пенсии (к примеру, для учета периода ухода за ребенком до возраста 1,5 лет – свидетельство о рождении и паспорт ребенка). При подаче заявления и документов по почте документы должны быть заверены в нотарильном порядке.

**ПОДАЧА ЗАЯВЛЕНИЯ В ЭЛЕКТРОННОЙ ФОРМЕ**

Заявление можно подать через Портал госуслуг. В этом случае гражданину необходимо в срок не позднее пяти рабочих дней со дня подачи электронного заявления представить в ПФР необходимые документы, отсутствующие в выплатном деле. Если такие документы не будут представлены заявление о перерасчете размера пенсии, поданное в форме электронного документа, не будет рассмотрено.

**СРОКИ ОСУЩЕСТВЛЕНИЯ ПЕРЕРАСЧЕТА РАЗМЕРА СТРАХОВОЙ ПЕНСИИ**

Перерасчет размера пенсии производится с первого числа месяца, следующего за месяцем, в котором принято заявление пенсионера о перерасчете размера его страховой пенсии в сторону увеличения. Узнайте больше на сайте www.pfrf.ru

# Внимание! Остерегайтесь недостоверной информации!

Если Вы прочитали (просмотрели ролик) в Интернете о суммах увеличения размеров пенсий с учетом ухода за детьми, то знайте – эта информация не соответствует действительности!

Приводим максимально возможные суммы увеличения размера пенсии с учетом «нестраховых» периодов в соответствии с пенсионным законодательством.

**Стоимость одного пенсионного балла с 01.04.2017 г. установлена в размере 78,58 руб.**

| | |
|---|---|
| Уход за первым ребенком | за один год ухода 1,8 балла = 141,44 руб.<br>за полтора года ухода 1,8+0,9=2,7 балла = 212,17 руб. |
| Уход за вторым ребенком | за один год ухода 3,6 балла = 282,89 руб.<br>за полтора года ухода 3,6+1,8=5,4 балла = 424,33 руб. |
| Уход за<br>четвертым ребенком | за один год ухода 5,4 балла = 424,33 руб.<br>за полтора года ухода 5,4+2,7=8,1 балла = 636,50 руб. |

Такие суммы увеличения размера пенсии начисляются в том случае, если в период ухода за ребенком до 1,5 лет родитель не осуществлял трудовую деятельность.

Если родитель не находился в отпуске по уходу за ребенком до 1,5 лет и работал, то можно пересчитать размер страховой пенсии и заменить эти периоды работы на период ухода за ребенком (детьми). При этом если размер пенсии при замене трудового периода на страховой станет меньше, то перерасчет производиться не будет.

В случае замены периода работы на период ухода за ребенком \ детьми фактическая сумма увеличения пенсии может быть меньше указанной, так как этот период работы исключается из стажа и, соответственно, размер пенсии уменьшается.

При уменьшение размера пенсии за счет исключения периодов работы может превысить сумму прибавки за периоды ухода за детьми, и, соответственно, такой перерасчет будет невыгоден пенсионеру.

# Халкъ кквезе ккола власталъ

Гьеб гуребги «ЧIорогоял къучIбузул, къвахьи гIемераб улка»,-ян абухъего я лъаялъул я мисалалъул рахъалъ гIадамазулгун хIалтIи гьабиялъе данде кколарел, батIи-батIиял сихIирлъабаздалъун магIишат гьабулел гIадамаз цIун руго идараби, гIицIго жидерго магIишат понцIозаби гуреб гIадамазе гьединазул щибниги пайдаги гьечIо, хIал кIовухъе бажари бугел инжит гьаруни гурони. «Жидеего чед гурел чидае квен гурел»,- ян абухъего жанисан чIорогосел гIадамаз халкъалъе щиб пайда кьезе бугеб? Пайда кинаб букIунеб щвезе рес бугебцин халкъалъухъе гьез щвезе толеб гьечIо. Гьедин дица абиялъе гIиллаги буго гIадамазда гьоркьор батIи-батIиял харбал рукIин. Масала, гIадамаз пайда босизе бегьулел гIемерал кумекал рачIуна бакIазде, гьезул хIакъалъулъ лъидаго лъаларо, долго «чIорогосел къучIбуз» пайда босула гьездаса.

Жакъа дица гьал пикраби цере рахъичIого тезе бегьилаан гIадамазда гьоркьоб жалго жидецаго хьихьулел тIадчагIиги, садакъацин гьаримасухъе щвезе толарел динчагIиги, гьезда гьоркьоре ккарал гIадамал киреха инел магIишаталда хадур,-ян абулел гIемерлъун гьечIелани. ТIадехун рехсаразе чIоларищ къиямасеб къо. Аллагьасул цIех-рехаздаса гьел тархъанищ гьарун ругел,-ян гIассильулел гьез ццидалал пикраби гьарулел гьечIелани.

У, партиялъул заманалда гIемерал бигьалъаби рукIана гIадамазе, гьедигIанго данде руссине бокьуларого рукIинчIо нухмалъулелги. ГIадатиял гIадамазе хIалтIи щвеялъеги квербакъулаан гьез.

Гьеб гуребги хал гьабурасда бихьулеб буго; кинабго халкъалда баччизабизе хIаракат бахъулеб букIинги. Гьездаса росула налогал, рагьарал бакIаздаса напакъа, щибниги хIалтIи гьабизе кканиги роргула халкъалъухъе гьурщал ракIаризе. Кисадай гьезул гIарац букIинеб!?

Гьединал дандеккунгутIабаз абуни халкъалъул власталде ццим бахъун буго ва Россиялдаго бокьарал тунка-хIусиял ккезе рес буго. Гьелъ дида ракIалде щвезабуна Некрасовасул «Кому на Руси жить хорошо»,-абураб поэма ва Аллагьас къиямасеб къо чIеялдаса цIунаниги Россиялъул халкъалъул букIинесеб кинабдай букIина,-ян пикру гьабизе бачIуна. БичIчIулеб жо буго Россиялъул бетIер В. В. Путинида гьаб кинабго лъалеб батиларо, гьельгицин балагь бачIинародай нилъер букIинеселде. Дунялияб магIнаялда рекъон халкъалъул лъикIлъиялъул мурадаздалъидалха дуналалъулго идараби хIалтIизе кколел. Гьеб ритIухълъи тIубанго хисун унеб буго киса-кибго жакъа къоялда.

# РачIине рес бугел балагьал гьукъиялъе



РакIалде щвезабизин балагь ккун хадур гьел росабазул тIабигIиял шартIазул цIех-рех гьабуна ва комиссия гIуцIана.

Гьелда гьоркьоре уна:

-Россиялъул Дагъистаналда бугеб МЧСалъул ГУялъул нач. Ш. ГIалиев,

-РДялъул транспорталъул, энергетикаялъул ва бухьеналъул министрасул зам. А. Арсланов,

-РДялъул ГКУялъул «Центр Го и ЧС» идараялъул нухмалъулев Т. Батырбиев,

-Геологиялъул институталъул гIелмияб централъул член, ведомствабазда гьоркьосеб советалъул член С. Маммаев,

-Унсоколо росдал администрациялъул бетIе-расул зам. М. ХIамзатов,

-РДялъул ГКУ «Центр Го и ЧСалъул» нухмалъулесул зам., ГЭСалъул лъел хIорил топливниябгун энергетическияб комплексалъул отделалъул нач. Гь. ГIабдулвагьабов.

Комиссиялъ х1исабалде росана гьаризесел х1алт1аби, данрана гьел ва ккелел идарабазда цере лъун, рук1ине рес бугел балагьал нахъч1ваялъе тадбирал гьарилин бихьизабуна.

# ГIадамал тIаде къабул гьаруна



13 сентябралда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас тIаде къабул гьаруна жидерго суалал ругел гIадамал. Районалъул росабазул I5 гIан чи дандчIвана гьеб къоялъ бетIергун. БатIи-батIиял рукIана гIадамазул суалал, цIикIкIарисеб къадаралда рукIана хIалтIудалъун хьезариялде руссарал. Гьединго рачIана материалияб кумек хIажалъун, рукIа-рахьиналъул шартIал лъикIлъизареян, электричество чIезабеян, материалияб зарал бецIе,-ян ва цогидалги суалалгун.

Киналго рачIаразул суалазде ГI. НурмухIамадовас букIине кколедухъ кIвар буссинабуна. Цо-цо суалал бакIалдаго тIуразаруна, хутIарал тIуразариялде кIвар кьелин бихьизабуна.

ЦIикIкIараб кIваралъул суалал тIуразе тIадкъана иш тIаде кколел идарабазда.

Спорт

# РукIинесел гугарухъаби



Жидерго гьит1инаб гIумроялъухъ балагьичIого вацал Салманхан ва Садрудин (7 ва 8 сон) ГIумароваз хIаракатаб гIахьаллъи гьабула спорталъулъ. Ругьунлъулел руго гьел эркенаб гугариялъе. Гьел ккола районалъул ва республикаялъул дандчIваязул призерал.

КIудияв вац Салманханил 3 ва гьитIинав Садрудинил 2 сон букIадго эмен Хизрица гьел рачана спортзалалде. Бокьана лъималазе ва инсуца байбихьана гьел ругьун гьаризе. Лъимал дагьал гIуралго инсуца гьел кьуна профессионалиял тренеразухъе. ГьабсагIаталда гьел ругьун гьарулел руго Шамильхъалаялъул тренерал М. НурмухIамадовас ва И. МухIамадкамиловас.

Эбел ГIайшат байбихьуда рахIат хун йикIана. Абулеб букIана росасда гьел жеги гIун гьечIин, гьезие жеги хехго бугин спортальде ругьун гьаризе,-абун. Амма заманалдасан гьелда бичIчIана спорт гьезие пайдаялъе букIин.

Жиндирго тIоцебесеб бергьенлъи Салманхание щвана жеги 4 сон букIадго. Ахирисеб нухалда гьел гIахьаллъана Кизилюрт шагьаралда тIобитIараб СССРалъул спорталъул мастер, «Динамо» ЦСялъул щуцIулго чемпион Дациев МухIамадил призалъе гIоло тIоритIарал къецазда. Гьениб ГIумаровaз ккуна тIоцересел бакIал.

ГIадат хIисабалда эркенаб гугариялъул цIайи байбихьула 26 килограммалдасан. Гугариялъул къимат борхиялъул мурадалда Хизрица лъикIаблъун бихьизабуна гьеб цIайи дагьабги гIодобегIанисан байбихьизе. Гьелъул рахъ ккуна киналго тренеразги.

Спорталъул къецазулъ лъикIал хIасилал рихьизарурaзе кьола батIи-батIиял призал, дипломал, гIарцулал сайгъатал ва цогидаби. Амма бищунго аслияблъун Хизрица рикIкIунеб буго лъимал пайдаяб ишалде, сахаб гIумроялде руссун рукIин, гьаб бичIчIизе захIматаб заманалда квешабщиналдаса гьел цIунун рукIин.

ГьабсагIаталда гьел цIалулел руго Шамильхъала поселокалъул кIиабилеб ва лъабабилеб классазда. Спорталъулъго гIадин гьез мисал бихьизабулеб буго цIалулъги.

Салманханилги Садрудинилги тренез рекIелчIей гьабулеб буго вацаз хадубккунги спорталъулъ чIахIи-чIахIиял бергьенлъаби росизе рукIиналда ва нилъер район республикаялда гуребги дунялалдаго рагIараблъун гьез гьабиялда.

Нилъецаги нилъерго иргаялда гьарила гьезие жеги цIи-цIиял бергьенлъаби.

ЛЪАЗАБИ

Шамильхъала гьоркьохъеб школалъ 20I5 соналъул I6 июналда Сайпулаев Алисултан ИбрагьимовичасуЛ цIаралда кьураб № 005I800I0I06I3 бугеб гьоркьохъеб лъай кьеялъул аттестат тIагIун буго.

Гьанжеялдаса гьеб хIакъикъияб гуребдлъун рикIкIуна.


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 7. 14. 17 г. 15. 20
фактически -16. 50мин.

Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1000 экз.